

Umugambi w'imisi mike w'Iburo bifasha imiryango kuba imiryango yishoboye urahindutse bitewe n'ikiza ca COVID 19, P.L. 116-159, P.L. 116-260, or P.L. 117-2

Uru rwandiko rwasohotse ubwa mbere itariki 6 Ndamukiza, 2020
Ruheruka gushirwa ku gihe itariki 17 Ruheshi, 2021

Umugambi SNAP Utanga Imfashanyo y'Ingaburo zo Gusahiriza-Umugambi w'Ingaburo zo Gusahiriza-Imfashanyo igizwe n'Ingaburo

- Imiryango itegekanirijwe amafaranga angana n'idorari 1 n'imiburiburi izoronswa imfashanyo nyinshi zijanye n'igitigiri c'abagize umuryango kuva mu kwezi kwa Ndamukiza 2020 gushika mu kwezi kwa Mukakaro 2021.
- Kuva mu kwezi kwa Rusama gushika mu kwezi kwa Ruheshi 2021, imiryango isanzwe itegekanirijwe idorari 1 izoronka n'imiburiburi amatorari 95 arenga kuyo bahora baronka bari bategekanirijwe.
- Imiryango ironswa imfashanyo nyinshi ishoboka canke yambere nkeya izokwongererezwa iyo mfashanyo ku rugero rw'ibice 15% kuva mu kwezi kwa Nzero gushika mu kwezi kwa Nyakanga 2021. Imiryango yose ironswa imfashanyo iri hagati y'imfashanyo yambere nyinshi n'imfashanyo yambere nkeya izokwongererezwa gusumba iyindi yose.
- Inyandiko zo gusaba imfashanyo, izijanye n'ukuronka uruhusha rwo guhabwa imfashanyo ubugira kandi, hamwe na raporo z'amezi atandatu birashobora guterwako umukono hakoreshejwe terefone.
- Akarusho nshigikiramukozi (WSB) karisununuye kava ku ma dorari 50 kaduga kuri madorari 100 ku kwezi gushika mu kwezi kwa Nyakanga 2021.
- Ibikorwa vyo kubazwa kugira barabe uwubereye gufashwa n'inyandiko zijanye n'ukuronka uruhusha rwo guhabwa imfashanyo ubugira kandi navyo bibaye birahagarikwa gushika muri Nyakanga 2021 kiretse gusa mu gihe hari inkuru yo gutangako umuco neza.
- Abanyeshure bemerewe guhabwa akazi bakora biga gafashwe mu mugongo na Reta ya Amerika, canke abo ikigereranyo c'amahera Umuryango w'Umunyeshure vyitezwe ko woshobora gutanga (EFC) kingana n'ama dorari 0 biharuwe hakoreshejwe [uburyo bwo guharura bwashizweho](#), abo barashobora kuronswa imfashanyo y'imfungurwa.

MaineCare-MediCare-Imfashanyo y'ukuvurwa

- Imfashanyo yo kuvura abana canke abakuze izogumaho muri ibi bihe bidasanzwe igihugu cose gihanzwe n'ikiza.
- Ukwemeza ibintu ku munwa (kuvyiyemereza wewe nyene) biremewe muri vyinshi abantu basaba.
- Nta kuriha amahera arihwa ishirahamwe ry'ubwishingizi ku migambi asanzwe arihishwako.

TANF-Imfashanyo ihabwa Imiryango ya ba Ntaronkora mu Kiringo gito-Amahera y'imfashanyo agenewe imiryango

- Ibihe bitoroshe, bisanzwe bifatiye ku nteguro y'igihugu mu bijanye n'ibihe bidasanzwe ntibikinganye n'ikiringo c'amezi mirongo itandatu, ivyo bikazogera ku itariki 30 Ruheshi, 2021.
- Imiryango imaze gukwiza amezi 60 ya TANF irashobora gusaba kandi ikongererezwa ikiringo kugera ku itariki 30 Ruheshi, 2021 n'aharenga iyo basanze bakwije ibisabwa.
- Nta bikorwa vy'ibazwa canke ivyo gufasha abantu bizokenerwa, kiretse umuntu ariwe ahisemwo kuvyisabira.
- Nta muryango uzohanwa kubera batubahirije ivyo ASPIRE isaba mu kiringo co gushika ku itariki 30 Ruheshi, 2021.

Ibintu bikomeye vyo kwibuka

- Inomero ya terefone yo kubarizako amakuru ku bijanye n'imfashanyo muri rusangi ni **1-800-442-6003**.
- Birashoboka ko umuntu ari mu mugambi utanga imfashanyo y'ingaburo zo gusahiriza (SNAP) aha uruhusha uwundi muntu w'umwizigirwa ngo akoreshe ikarata yiwe isanzwe irungikwako amafaranga y'imfashanyo, kugira agure ico ngaburo umugambi wa SNAP uha umuryango. Uwo muntu ico akeneye gusa ni ikarata n'igiharuro kabanga.
- Ugume ukurikiranira hafi Iburo bifasha imiryango kuba imiryango yishoboye (OFI) haba ku buhinga ngurukanabumenyi canke kw'iterefone hanyuma, hagize ikintu gihinduka ku buzima bwawe, ubimenyeshye.

Ukeneye kumenya vyinshi ku makuru atangwa n'Iburo biharanira ukwigenga kw'imiryango (OFI), ibijanye n'ugusaba imfashanyo, canke ibishasha muri uwo mugambi, urashobora kubiraba kuri uri rubuga:

www.maine.gov/dhhs/ofi

Ukeneye kumenya vyinshi ku bijanye n'ibimenyeshwa n'igisata kiraba ivy'Amagara n'ayandi ma Seruvise y'Abantu, usabwe kubiraba kuri uri rubuga ngurukanabumenyi:

www.maine.gov/dhhs/coronavirus-resources.shtml

Uru rwandiko ruzoguma **rushirwa** ku gihe. Vyoba vyiza ugiye urasoma ko ata bimenyeshwa bishasha bihari.